

# Vaksen kont COVID-19 yo la

Doktè Van H. Dunn, Chèf Medikal

## ENFÒMASYON KI REYÈL AK ENFÒMASYON KI PA REYÈL



Pou reponn anpil nan kesyon nou yo ak lòt enfòmasyon ki enpòtan sou vaksen yo, vizite sit entènèt nou an: [www.1199SEIUBenefits.org/vaccines](http://www.1199SEIUBenefits.org/vaccines)

✘ ENFÒMASYON KI PA REYÈL: VAKSEN YO FÈT NAN KOURI.

✓ ENFÒMASYON KI REYÈL: Vaksen yo sibi anpil tè.

Tout vaksen yo sipoze sibi anpil tè, anvan yo resi apwouve yo. Vaksen ki apwouve ke Pfizer ak Moderna pwodui yo sibi yon pakèt esè klinik ki gen ladan plis pase 73,000 patisipan. Pa gen onkenn ti neglijans ki fèt atravè esè sa yo, yo itilize teknoloji ki gen yon dizèn ane depi y ap sèvi ak yo.

✘ ENFÒMASYON KI PA REYÈL: LI POSIB POU VAKSEN YO REPREZANTE YON DANJE EPI POU YO PA BON.

✓ ENFÒMASYON KI REYÈL: Done yo montre ke vaksen yo bon a 94, 95 pousan.

To sa pi wo pase to yo mande jeneralman an ki se 50 pousan—epi pandan esè klinik yo, vaksen yo pa t montre ke yo te reprezante gwo danje. Apre esè yo fin reyalize, vaksen yo toujou bezwen apwobasyon Administrasyon Medikaman ak Manje Etazini (U.S. Food and Drug Administration, FDA) anvan menm yo itilize yo. FDA la pou li apwouve oswa pa apwouve yon vaksen apati done ki soti nan esè klinik yo—tankou esè Pfizer ak Moderna yo—ke syantifik ak doktè ki se ekspè nan sekirite ak efikasite revize.

✘ ENFÒMASYON KI PA REYÈL: VAKSEN AN KA BA OU VIRIS LA.

✓ ENFÒMASYON KI REYÈL: Ou pa ka gen COVID-19 akòz de vaksen yo.

Vaksen Pfizer ak Moderna yo pa gen viris la ladan yo. Olye de sa, yo gen enstriksyon pou selil ou yo ki rele “mesaje ARN” ki di selil ou yo pou yo fè pwoteyin COVID-19 Spike yo. Infwa ke selil ou yo fè pwoteyin spike la, sistèm iminitè ou ap kreye antikò pou goumen kont COVID-19 epi pwoteje w pou viris la pa rann ou malad.



*1199SEIU Benefit Funds pa bay konsèy medikal. Ou sipoze toujou chèche konsèy medikal nan men doktè w oswa yon founisè swen sante ki kalifye pou tout kondisyon, tretman, oswa kesyon medikal ou ta genyen.*